



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESITSMAN ISTORIK 20 MILYA DOLA SOU  
PLIZYÈ ANE NAN SWEN SANTE NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2023**

***Investi 7.7 milya dola pou ogmante salè minimòm pwofesyonèl swen adomisil  
yo nan \$3***

***1.2 milyon dola te devwe kòm bonis pou pwofesyonèl swen sante premye liy yo***

***Investisman 2.4 milya dola nan enfrastrikti swen sante***

***Elaji elijibilite Medicaid pou Nouyòkè ki gen revni fèb ki gen andikap yo epi ki  
gen 65 ane ak plis sa gen ladan sila ki pa gen papyè yo***

***Elaji kouvèti Medicaid soti nan 60 jou rive nan yon ane apre akouchman pou tout  
fanm ansent yo***

***Ajisteman 5.4% nan depans pou viv pou pwofesyonèl sèvis sosyal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman istorik 20 milya dola sou plizyè ane nan swen sante nan bidjè Ane Fiskal 2023 Eta a. Kreye pi bon kondisyon travay pou pwofesyonèl swen sante pral yon priyorite, avèk 1.2 milya dola ki devwe pou bonis pwofesyonèl swen sante premye liy yo, ansanm ak investisman 4.5 milya dola sou plizyè ane nan refòm peman. Lòt investisman istorik yo gen ladan 2.4 milya dola ki pral devwe pou amelyore enfrastrikti swen sante ak 3.9 milya dola nan finansman pou bay èd nan lopital ki gen difikilte finansye akòz pandemi COVID-19 la. Yon lòt 7.7 milya dola pral depanse pandan kat ane k ap vini yo pou ogmante salè minimòm pwofesyonèl swen adomisil yo nan \$3. Investisman revolisyonè sa yo pral travay ansanm pou amelyore kondisyon travay ak devlope mendèv la nan 20 pousan pandan senk ane k ap vini yo epi amelyore endistri swen sante pou tout Nouyòkè yo.

"New York depann de yon sistèm swen sante ki solid, estab ak ekitab epi nan fondasyon li genyen pwofesyonèl endistri a, ke yo te mande pou fè enposib epi y ap kontinye fè sa de ane apre kòmansman pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bidjè sa gen ladan investisman istorik ki pral rekonstwi ekonomi swen sante a nan ogmante salè pwofesyonèl swen sante yo, amelyore enfrastrikti nan milye travay yo epi bay ankourajman ki pral atire plis moun nan mendèv la. Mwen remèsye Lidè Majorite

Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble Heastie pou travay yo pou asire n ap konstwi ekonomi swen sante lavni an".

Plis pase 5 milya dola nan finansman sa pral devwe pou peye refòm ak salè bonis pou pwofesyonèl swen sante yo. Sa gen ladan 1.2 milya dola ki prale kòm bonis retansyon pwofesyonèl swen sante ak ijyèn mantal, avèk jiska 3,000 dola bonis ki prale jwenn pwofesyonèl ki touche mwens pase 125,000 dola ki rete nan pòs yo pandan yon ane epi bonis pwopòsyonèl pou sila yo ki travay mwens lè. 500 milyon dola pral devwe pou ajisteman nan depans pou viv pou ogmante salè pou pwofesyonèl sèvis sosyal yo. Bidjè a gen ladan tou 5.4 pousan depans pou viv pou pwofesyonèl sèvis sosyal yo.

Amelyorasyon nan enfrastrikti swen sante yo esansyèl non sèlman pou amelyore anviwònman travay pou pwofesyonèl swen sante yo men tou pou amelyore radikalman swen pasyan ak tan datant. Bidjè a etabli yon nouvo investisman 2.4 milya dola pou finance amelyorasyon nan enfrastrikti pou lopital, mezon retrèt, sant swen anbilatwa, sant kominotè ak lòt etablisman ak founisè swen sante ki elijib. Anplis de sa, 3.9 milya dola nan finansman pandan kat ane -- yon ogmantasyon 88 pousan pandan kat ane anvan yo - pral devwe pou bay èd nan lopital yo ki toujou gen difikilte finansye akòz pandemi COVID-19 la.

Pou ogmante kouvèti ak aksesibilite pou moun aje yo, Bidjè Adopte a ogmante limit revni pou Nouyòkè ki gen 65 ane ak pi gran yo pou sila yo ki gen andikap pou 138% nivo federal povrete, ogmante limit revni pou Pwogram Epay Medicare ak elaji kouvèti pou moun san papyè ki gen 65 ane ak pi gran yo.

Eta New York angaje pou abòde inegalite estriktirèl ak enstitisyonèl nan swen sante pou kreye yon eksperyans akouchman ki pi sekirite pou tout manman ak fanmi yo atravè eta a, sa gen ladan sila yo ki pa gen papyè. Bidjè a pral gen ladan plis pase 20 milyon dola nan investisman anyèl ki konsevwa pou elaji aksè nan swen prenatal ak pòsnatal pou redui inegalite rasyal ak fè swen bon kalite aksesib pou tout manman yo. Eta a pral elaji kouvèti apre akouchman pou tout moun ki elijib pou Medicare pandan yo ansent soti nan 60 jou rive nan yon ane apre yo akouche, sa k ap mennen nan plis rezilta sante ekitab atravè eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)